**दिन–रविवार** **दिनांक–05.07.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे विकसित भारत–गारंटी फॉर रोज़गार आ आजीविका मिशन ग्रामीण दू हजार पच्चीस, एक जुलाई सँ सफलतापूर्वक लागू भऽ गेल अछि। मंत्री वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग केर माध्यम सँ एहि मिशन केर अंतर्गत राज्य सभक लेल पच्चीस हज़ार करोड़ टाकाक सहायता राशि जारी कयलनि। ओ कहलनि जे मनरेगा कँे लागू होयबा मे तीन साल सँ बेसीक समय लागल छल, जखनकि विकसित भारत जी राम जी कँे देश भरिमे सिर्फ एक दिन मे लागू कऽ देल गेल। श्री चौहान कहलनि जे विकसित भारतक विजन कँे तेजी सँ आगू बढयबाक लेल एहि अधिनियमक तहत अगिला पाँच साल मे दू लाख छियासी हजार पंचायत सभ मे सात दशमलव पांच लाख करोड़ टाका सँ बेसी केर निवेश कयल जायत।

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह आई पूर्व केंद्रीय मंत्री रामविलास पासवानक जयंती पर हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे राम विलास पासवान समाजक वंचित आ कमजोर वर्ग सभक उत्थान मे महत्वपूर्ण योगदान देलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे रामविलास पासवान कँे जनसेवा आ राष्ट्रसेवाक प्रति हुनकर समर्पण लेल सदैत यादि कयल जायत। गृह मंत्री अमित शाह कहलनि जे रामविलास पासवानक संपूर्ण जीवन गरीब सभक कल्याणक लेल समर्पित छल। लोजपा आर प्रमुख आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि अछि जे स्वर्गीय रामविलास पासवान समाजक वंचित आ दलित वर्गक हिमायती छलाह आ सभ वर्गक विकास लेल प्रतिबद्ध छलाह।

---

बिहार विधान मंडलक मानसून सत्र बीस जुलाई सँ शुरू होयत। ई सत्र चौबीस जुलाई धरि आयोजित कयल जायत। मानसून सत्रक पहिल दिन सदन मे वित्तीय वर्ष दू हजार

छब्बीस–सत्ताईस केर अनुपूरक बजट पेश कयल जायत। अगिला कार्य दिवस मे एहि पर सामान्य वाद–विवाद होयत आ मतदानक बाद एकरा मंजूरी देल जायत। एम्हर, संसदक मानसून सत्र बीस जुलाई सँ शुरू होयत आ तेरह अगस्त धरि चलत। संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू कहलनि जे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु बीस जुलाई सँ संसदक मानसून सत्र बजयबाक सरकारक प्रस्ताव कँे मंजूरी दऽ देलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री रिजिजू कहलनि जे सत्र मे राष्ट्रीय महत्वक मुद्दा सभ पर सार्थक बहस, चर्चा आ निर्णय लेबा पर ध्यान देल जायत।

———————————————————————

जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार नालंदा जिलाक दोईया मे शांतिमणि पेपर मिलक विस्तारीकरण परियोजनाक शुभारंभ कयलनि। एहि दरमियान ओ मिल परिसर केर भ्रमण कऽ उत्पादन प्रक्रिया आ अत्याधुनिक मशीन सभक निरीक्षण सेहो कयलनि।

———————————————————————

जन सुराज पार्टी प्रशांत किशोर कँे बांकीपुर विधानसभा उपचुनावक लेल अपन प्रत्याशी घोषित कयलक अछि। पार्टीक कोर कमेटी केर बैसारक बाद आयोजित प्रेस कांफ्रेंस मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष मनोज भारती श्री किशोरक नामक घोषणा कयलनि। पार्टी उम्मीदवार घोषित कयल गेलाक बाद प्रशांत किशोर संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे पार्टी जे जिम्मेदारी तय कयलक ओकर सम्मान करैत छी। बांकीपुर उपचुनावक लेल काल्हि अधिसूचना जारी होयत। मतदान तीस जुलाई के होयत, जखनकि मतगणना तीन अगस्त कँे कयल जायत। ध्यातव्य अछि जे एहि सीट पर उपचुनाव भाजपा विधायक नितिन नवीनक इस्तीफ़ाक कारणँे भऽ रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ आइ पूर्वी चम्पारण, पश्चिम चम्पारण, पूर्णियाँ, किशनगंज, सहरसा, सुपौल, पटना आ भोजपुर समेत कतेको जिला सभ मे हल्लुक सँ मध्यम बरखा भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान पश्चिम चम्पारणक बगहा मे सभ सँ बेसी बीस मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे काल्हि राज्यक औरंगाबाद, भभुआ आ रोहतास जिला मे एक–दू ठाम भारी बरखा होयबाक संभावना अछि। एम्हर, बरखा होयबा सँ अधिकतम तापमान मे एक सँ

तीन डिग्री सेल्सियस धरिक कमी आयल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान उनचालीस दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग कैमूरक भभुआ प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। राजधानी पटनाक अधिकतम तापमान अड़तीस दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

——————————————————————

राष्ट्रीय जनता दल केर तीसम स्थापना दिवस आइ प्रदेशभरि मे मनाओल जा रहल अछि। पटना स्थित पार्टी मुख्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष मंगनी लाल मंडल समेत आन वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह। एहि अवसर पर राजद केर राष्ट्रीय अध्यक्ष लालू प्रसाद यादव अपन संदेश मे कहलनि जे जे पार्टीक स्थापना गरीब, शोषित आ अकलियत सभक अधिकारक लड़ाइ केर उद्देश्य सँ कयल गेल छल। ओ पार्टीक एकजुटता पर जोर दैत कार्यकर्ता लोकनि सँ जनहितक मुद्दा सभ पर संघर्ष करबाक अपील कयलनि। श्री यादव एहि अवसर पर पार्टी कार्यकर्ता लोकनिक संघर्ष आ समर्पणक सराहना कयलनि।

——————————————————————

समाप्त